# ЖУМАНИЯЗ ӨТЕНИЯЗОВ ДӨРЕТИЎШИЛИГИНДЕ БАЛАЛАР ЕРТЕК ҲӘМ ПОЭМАЛАРЫ

**Турсынбаев И.**

*Бердақ атындағы Қарақалпақ мәмлекетлик университети, Нөкис қаласы*

**Аннотация:** Мақалада қарақалпақ балалар әдебиятында гиреўли орны бар шайыр ҳәм жазыўшы Жуманияз Өтениязовтың балаларға арналған ертек, ертек-поэма ҳәм поэмаларының жанрлық ҳәм идея-тематикалық, сюжетлик-композициялық өзгешелиги ҳаққында сөз етилген.

**Таяныш сөзлер:** балалар поэмалары, ертек, Ж.Өтениязов, қарақалпақ балалар әдебияты.

Жазыўшы, шайыр, публицист Ж.Өтениязов бир неше жыллардан берли карақалпақ балалар әдебиятын ертеклери, қосықлары, гүрриңлери, поэмалары менен балалар әдебиятынан тийисли орын алып киятыр. Оның «Жаңа жыл», «Шолақ жайын», «Еки мақтаншақ» қосықлар, ертеклер топламы, 1996-жылы «Тынышлық сақшылары» сыяқлы очерк-қосықлар топламлары «Қарақалпақстан» баспасынан жарық көрди. Ж.Өтениязов қарақалпақ әдебиятында М.Дәрибаев («Алтын жүзик»), Ә.Шамуратовлар («Мениң жолбарыслар менен жолығыўларым») баслап берген, Т.Жумамуратов, Ш.Сейтов, К.Рахмановлар сәтли даўам еттирген халық аўызеки дөретиўшилиги үлгилерин жетилистирип, заманагөйлестириў дәстүринен өнимли пайдаланды. Бул бағдарда оның бир нешше ертеклери, поэмалары дөретилди.

Ж.Өтениязовтың поэзиялық тилде жазылған ертек ҳәм поэмаларынан алдын бир нешше ертек ҳәм гүрриңлерди прозалық тилде жәриялағаны мәлим. Оның қосықлары, ертеклери, әпсаналары балаларға арналған ири көлемли ертек ҳәм поэмаларын жазыўда шеберлик мектебин өтегени белгили болады. Орта ҳәм үлкен жастағы мектеп балалары ушын арналған «Еки мақтаншақ» гүрриңлер ҳәм ертеклер топламы Ж.Өтениязовтың балалар прозасы тараўындағы шығармаларынан қуралған. Китапшаға жигирма төрт гүрриң ҳәм бир әпсана, үш ертек киргизилген. Гүрриңлерде инсан ҳәм тәбият арасындағы қарым-қатнас, инсанның туўылған үлкесине, мектепке, муғаллимге деген иззет-ҳүрмети, өз ара дослығы, улыўма инсанийлық қарым-қатнас мәселелери шебер сүўретленген. Бул мәселелер балалар турмысы менен байланыслы алынып, жоқары тәрбиялық әҳмийеттеги идея ҳәм тематикаға қурылған. Оның гүрриңлериниң тили балалардың қабыллаўы ушын қолайлы, жеңил жазылған. Мысалы, «Жин терек» гүрриңинде қорқақлық ҳәм оның себебинен гәп-сөзлерге себепши болған баланың пикирлеў дүньясы оның жасына сай жеткерилип берилген. «Жин бар», – деп есаплап жүрген терегинен қорқып қашып жүрген бала бирден жүрексинип барлаўға шығады ҳәм теректе хеш нәрсениң жоқ екенлигин көреди. Буның себебин атасының берген жуўабынан алады. Гүрриңде тек ғана батырлық ҳәм қорқақлық ҳаққында емес, ал тазалық ҳаққында да балаларға тәрбиялық әҳмийетке ийе пикирлер алға сүриледи. Балалар қыйын түсиниксиз ҳәм олар ушын қыйын қорқынышлы есапланған жин-жыпыр, қойымшылық ҳ.т,б. сыяқлы түсиниклерге анықлық киритип, олардың қорқынышлы емес екенлигин Ж.Өтениязов «Адасқан бала» гүрриңинде де даўам еттиреди. Бул балаларды өзине исениўге, руўхый күшли болыўға тәрбиялайды.

Ж.Өтениязовтың балаларға арналған гүрриңлерининиң тематикасы ҳәр түрли. Оның гүрриңлеринде сюжет шийеленислери, қурамалы баянлаўлар сезилмейди.

«Аралдағы акула» жанры бойынша фольклордағы әпсана жанрының жазба әдебияттағы жазыўшы тәрепинен жетилистирилген түри есапланады. Онда Абат батырдың жайын ҳәм акула аўлағандағы шеберлиги, усталығы халық арасында әпсанаға айланыўы гүрриң етиледи. Арал теңизиниң толып тасып турған ўақтында халық турмысы, жайынлар, оларды аўлаўдағы усталық, жыртқыш акуланың Аралда болыўы, оның биреўин Абат батырдың услап алыуы, соңынан Арал суўы тартылғанда оның түбинен акуланың тисиниң табылыўы сыяклы ўақыялар избе-изликте байланыстырылып сүўретленеди. «Батыр қараўытып жүрген үлкен жайынларды көрип сирә қорықпады. ол қайықтың түбинде жатырған тонын алып, ишине темир ошақ пенен қумғанқазанды орап, ишине байлап теңизге таслапты. Үлкен жайын бул олжаны ашкөзлик пенен жутып, өзинен-өзи қайыққа байланып қалыпты. Абат батыр шанышқының сабына арнайды беккем етип байлап қайықты аўдармақшы болған жайынның бири қайықты сүйреп, изине ерип баратырғанын көрген басқа жайынлар оның изинен қалмай жүзе берипти. Азырақ ўақыт өткеннен кейин толқын қайтыпты да, қайықлар «Домалақ көл» диң ишинде қалып қойыпты» [2:95].

Ж.Өтениязов поэзиясында «Шолақ жайын», «Сақшы», «Еки мақтаншақ», «Моншақ» ҳ.т.б. сыяқлы ертеклерин шайырдың дөретиўшилик изленислериниң жемиси сыпатында қараўымызға болады. Оның қосық қатарлары менен жазылған ертеклериниң айырымлары поэманың талапларына жуўап береди.

«Еки мақтаншақ» ертеги бир нешше композициялы бөлимлерге қурылған. Пышық азанлыкеш үйде отырып тышқан аўлайды. Бир күни тышқанды услап алып, оны жемей, қызық етиў ушын оны жиберип, ойнап отырады. Тышқан пышықтан қашып, етиктиң қонышына кирип кетеди. Пышық оны услай алмайды. Тышқан пышықтың үстинен күлип, мақтанады. Ертек сюжетинде тышқан менен пышықтың артықша мақтаншақлығын сүўретлейди. Ертек төрт бөлимнен турады, бөлимлердеги қатар санлары тең емес. Ертектиң биринши бөлими пышықты тәрийплеўге арналған. Бунда оның сыртқы көриниси, күндиз ислейтуғын ҳәрекетлери сүўретленеди. Екинши бөлимде пышықтың түнде тышқан аўлайтуғын ҳәрекети 8 қатарда сүўретленген. Үшинши бөлимде урлықшы тышқан ҳәм оны пышықтың аўлаўы сөз етиледи. Төртинши бөлимде сюжет үш композициялық бөлимде сөз етиледи. Биринши бөлимде пышықтың бир күни тышқанды услап оның менен ойнаўы, екинши бөлимде тышқанның пышықтан қашып етиктиң қонышына тығылыўы ҳәм пышыққа мақтанып доқ урыўы, үшинши композициялық бөлимде еки мақтаншақтың қайсысының мақтанғанлығы ҳаққында балаларға сораў таслаў арқалы жуўмақ бериўи орын алған.

Ертекте пышық образы балаларға түсиникли тилде ҳәм қысқа қатарларда берилген:

Түнде «аңға»
Шығар ол
Таса жерде
Буғар ол,
Өтирикке
Қаңғыйды,
Тышқанларды
Аңлыйды.

Ал, тышқан образы да оған тән болған сыпатлы белгилерди сүўретлеў арқалы жаратылған:

Полды тесип,
Кемирген,
Нан урлап жеп семирген.

Ж.Өтениязовтың «Сақшы» ертеги еки бөлимнен турады. Биринши бөлимде қораздың сақшылық хызметлери санап өтиледи. Ертек «Еки мақтаншақ» ертеги сыяқлы киши жастағы балалардың оқыўы, түсиниўи ушын аңсат болған төрт буўыннан ибарат қосық қатары менен емес, ал, 7-8 буўынлы, еки қатары уйқасқан қосық қатарларында жазылған.

Екинши бөлимде қораздың «сақшылық жумысынан» келип шығатуғын бир неше ўақыяларды сөз етеди. Усы сөз арқалы қораздың батырлығы мақталады. Қораздың даўысын да шайыр уйқас ушын пайдаланады.

Түнги саат «1» болды,
Қораз ушып түргелди:
Ғоқ-қо-ғоқ, ғоо-ған-ғоғooоқ!
Уйықламай жан қалған жоқ!
Уйықламаған уйықласын.
…Түнги саат «3» болды,
Қораз тағы шақырды.
Ғоқ-қо-ғоқ, ғоо-ған-ғоғooоқ!
Еле азан болған жоқ!...
Сааттың тили «6» да:
… Ғоқ-қо-ғоқ, ғоо-ған-ғоғooоқ!
Көп уйқыдан пайда жо-оқ:
Жетиде турып, жуўынып,
Шынығыў ислеп жуўырып…

Ертекте қораз образы арқалы балаларды, әсиресе, ер балаларды шаңарақтың қорғаўшысы болыўға, жуўапкершиликли, мәрт болыўға шақырады. Соның менен бирге ертекте урлықшылық ҳәм оның унамсыз ақыбетлери ҳаққында да мәселелер көтериледи.

Ж.Өтениязовтың «Моншақ» ертеги киши жастағы, атап айтқанда, мектепке шекемги балаларға арналған. Ертек мазмуны, композициясы жағынан қарақалпақ халық аўызеки дөретиўшилигиндеги «Өтирик өлең»лерге уқсас. Себеби, ўақыялар раўажланыўы барысында лаптан шеберлик пенен пайдаланған. Ертек улыўма 13 композициялық бөлимнен турады. Ертек қаҳарманлары Айгүл менен Ҳүрзада қыста қар жаўғанда далада бир моншаққа таласып, оны шашып алады. Моншақлар қар менен көмилип қалады. Ўақыяның қалған даўамы 13 бөлимге бөлинип раўаж-

ландырылады. Асыра сүўретлеўге негизленген ўақыялар он үш бөлимге бирлеседи ҳәм ертектиң сюжетиниң пүтин логикалық бирликтеги картинасын пайда етеди.

Бул ертектеги ўақыялардың раўажланыў жағдайлары, сюжетлик қурылысы, композициясы өтирик ертеклердиң жанрлық өзгешелиги тийкарында жазылған поэма деп есаплаўға тийкар жаратады.

“Шолақ жайын” ертегинде ўақыялардың қурамалылығы, драматизмге толы ҳалатларды шебер жайластырыўы, образлар системасы жағынан поэманың талапларына жуўап береди. Бирақ, ертекте бас қаҳарман балалар әдебиятына тән образ жасаў өзгешелигине сай жайын образы болып табылады. Жайын ҳәм қуслар, тәбияттың өзине инсаный сыпатлар ендириледи. Соның менен бирге, саўдагер, балықшы сыяқлы инсан образлары да биргеликте образлар системасын дүзеди. Поэмада тәбиятқа зыян жеткизетуғын ашкөз адамлардың жайын тәрепинен жазаланыўы – әдалатлықтың қарар табыўы сыпатында сүўретленеди.

Ертек поэманың композициясы ҳәрекеттиң басланыўы, раўажланыўы, шыңы ҳәм шешими сыяқлы дәстүрий үлгиде қурылған.

Шайырдың “Өтеш батыр” поэмасы басқа поэмаларына салыстырғанда реалистлик сүўретлеў өзгешелиги менен айырылып турады. Онда Өтештиң батырлық ис-ҳәрекетлери, халқына еткен хызметлери сюжетлик линияны басқарады. Бул поэма да балаларға арналған болғанлығы ушын тили жеңил, көркемлиги, эстетикалық тәсири жағынан балалардың қабыл етиўине қолай етип жазылған.

Улыўмаластырып айтқанда, шайыр, журналист, прозаик Ж.Өтениязовтың балаларға арналған ертек ҳәм поэмалары киши ҳәм орта жастағы оқыўшыларға бағышланып, бул шығармалар арқалы дөретиўшиниң өзине тән индивидуаль стили қәлиплескенлиги белгили болады.

## ӘДЕБИЯТЛАР

1. Қурбанбаев И. Қарақалпақ балалар әдебияты. – Нөкис, 1988.
2. Өтениязов Ж. Еки мақтаншақ. – Нөкис: Қарақалпақстан, 1996.
3. Óteniyazov J. Araldağı akula. – Nókis: Qaraqalpaqstan, 2018.